

**PANGAJARAN NYUSUN TEKS BIOGRAFI KALAWAN NGAGUNAKEUN  
MEDIA FILMSTRIPS JEUNG PADIKA PANANJUNGAN DI MURID  
KELAS X SMAN 1 RANCAEKEK WARSIH PALAJARAN 2016/2017**

***ku***

**Ai Siti Rodiah**

**RINGKESAN**

*Biografi mangrupa tulisan nu eusina ngeunaan riwayat hirup salah sahiji jalma. Media filmstrips mangrupa media pangajaran anu nyadiakeun hiji informasi sacara runtut. Patali jeung panegesan nu kasebut, pangarang muserkeun pikeun ngalakukeun panalungtikan Pangajaran Nyusun Teks Biografi Kalawan Ngagunakeun Media Filmstrips jeung Padika Pananjungan di Murid Kelas X SMAN 1 Rancaekek Warsih Palajaran 2016/2017. Masalah anu pangarang rumuskeun nyaeta, (1) kumaha pangabisa panga-rang dina ngalaksanakeun pangajaran nyusun teks biografi kalawan ngagunakeun media filmstrips jeung padika pananjungan di kelas X SMAN 1 Rancaekek warsih palajaran 2016/2017?; (2) Naha aya bedana pangabisa nyusun teks biografi murid kelas X SMAN 1 Rancaekek samemeh jeung saeunggeus miluan pangajaran kalawan ngagunakeun media filmstrips jeung padika pananjungan?; sarta (3) kumaha paningkatan pangajaran nyusun teks biografi samemeh jeung saenggeus ngagunakeun media filmstrips jeung padika pananjungan di kelas X SMAN 1 Rancaekek? Padika panalungtikan anu dipake pangarang nyaeta eksperimen semu kalawan teknik panalungtikan studi pustaka, observasi, tes, sarta analisis. Aya oge hasil panalungtikanna nyaeta rata-rata peunteun hasil ngarencanakeun sarta ngalaksana-keun pangajaran sagede 3,47; rata-rata peunteun pretes saageung 43,72 sarta rata-rata peunteun postes saageung 75,13, sarta beda pretes sarta postes nyaeta 31,41; paningkatan diajar saageung 8% sarta hasil itungan statistik ngabuktikeun yen  $t_{hitung} > t_{tabel}$ , nyaeta  $24,96 > 2,04$  dina tingkat kapercayaan 95% sarta db 38. Dumasar kana fakta nu kasebut, pangarang nyimpulkeun yen pangajaran nyusun teks biografi kalawan ngagunakeun media filmstrips jeung padika pananjungan di kelas X SMAN 1 Rancaekek, parantos dilaksana-keun sarta junun kalawan sae.*

*Kecap Konci: media filmstrips, nyusun, padika panunjangan, pangajaran, teks biografi.*